

Ayiti

Pa gen jounalis ki mouri pandan lane 2006 la epi tou atak kont laprès yo bese apre eleksyon 7 fevriye yo, menm si nan peyi a ensekirite ap fè kenken. Men gouvènman prezidan Preval la pa fè anyen pou kwape enpinite n peyi a.

Kèk ti zak agresyon konsa konsa men pa gen asasinay. Bilan ayisyen pou zafè laprès pozitif. Yon lòt bò, se pa yon bilan yon moun ta kapab atann sitou lè nou konsidere jan klima ensekirite a gaye nan peyi a, espesyalman nan Pòtoprens. Sitou lè nou sonje tou sa pa gen twò lontan jounalis yo te anba menas gang ki makonnen ak anysen pouvwa lavalas la.

Regle afè ensekirite a enpòtan anpil pou ekip prezidan Preval la ki koumanse travay 14 me 2006 la. Men atak sou jounalis paske yo se jounalis bese anpil anpil. Zak agresyon bandi ak zam fè kont de jounalis *Radyo Kiskeya*, Liliane Pierre-Paul ak frè li Stéphane Pierre-Paul, rive nan yon moman kote kidnapè ak gwo bandi ap feraye nan peyi a. Menm jan tou, lè bandi manke kidnape Lydie Bain Abdon, jounalis *Radio Lumière* nan dat 26 me 2006 la, sa pa gen anyen pou wè, an prensip, ak metye jounalis li.

Gen yon bagay ki dwòl : jounalis yo plis sibi abi pouvwa nan men lotorite yo. Kèk egzanp. Nan mwa oktòb, lapolis kase ponyèt Ernst Cadichon, jounalis *Radio Galaxie* malgre li te idantifye tèt li kòm jounalis pandan li t'ap kouvri yon manifestasyon etidyan yo t'ap òganize nan Pòtoprens. Nan jou ki te 3 novanm nan, sòlda Misyon Nasyonzini pou Estabilizasyon Ayisti (MINISTA) fè gwo brek ak fotograf François Louis ki ap travay pou jounal *Le Nouvelliste*. Jou sa a, sòlda yo t'ap fè fas kare ak fanatik anyen prezidan Aristide yo nan lari Pòtoprens. 5 jou apre zak sa a, kòmandman MINISTA prezante jounal la eskiz ofisyèl.

Men sa pa vle di laprès an Ayiti fini ak vyolans li te viktim anban men rejim Jean-Bertrand Aristide la ak pandan peryòd tranzisyon an kote mesye Alexandre Boniface te prezidan pou yon ti bout tan e kote mesye Gerard Latortue te premye minis. Enpinite a ap kontinye tout pandan gouvènman Préval la pa mete kanpe yon sistèm lajistis djanm.

Lapolis nasyonal la tou patisipe nan zak ensikirite k'ap fèt tout jounen. Yon lòt bò, jij yo pa gen mwayen pou mennen bon jan ankèt. Sa ki pi grav la, chèf gang yo sispèk ki gen men yo tranpe nan lanmò jounalis ap flannen lib e libè nan je popilasyon an. 12 sektanm, François Daniel ki gen ti non jwèt « Bibi », yon nan gwo chèf bandi nan Solino ki ta gen gen dwèt li tranpe nan zak kidnaping ak asasinay Jacques Roche (chèf sèvis kilti jounal *Le Matin*) te menm soti pou achte enpinite'l lè li remèt kèk zam ki nan men'l bay Komisyon Nasyonal Dezameman an.

Nou ka ajoute nouvo jij enstriksyon sou lanmò Jean Dominique, jounalis *Radio Haïti Inter* ak Brignol Lindor, jounalis *Radio Echo 2000*, poko janm nonmen. 2 chèf gang lajistis sispèk nan asasinay Jean Dominique ta tabli kò yo nan zòn Martissant kote yo ta kontinye ap pratike aktivite kriminel yo. Gyen yon twazyèm ki mawon nan peyi etranje. Bò kote pa'l, Lakou kasasyon kote dosye Brignol Lindor a t'ap dòmi nan tiwa pandan 2 lane voye jete yon demand fanmi an te fè pou li patisipe nan pwosè a kòm pati sivil. Se fanatik Jean-Bertrand Aristide ki te touye Brignol Lindor nan Ti Gwav nan lane 2001.